

# Rezime Pwovizwa Petisyon Modifikasyon Zonaj la

Septanm 2025

## ENFÒMASYON JENERAL

Depatman Planifikasyon an vle amelyore fason rezidan ak pwopriyetè yo ka pwopoze chanjman nan Kòd Zonaj Boston an. Twa (3) gwoup diferan ka pwopoze chanjman nan kesyon zonaj la: 1) Depatman Planifikasyon an ak Konsèy Administrasyon BPDA a, 2) Konsèy Minisipal Boston, 3) nenpòt rezidan oswa pwopriyetè byen nan Boston. Yo sèlman ka apwouve chanjman zonaj la si youn nan gwoup sa yo mande Komisyon Zonaj Boston an ofisyèlman, pou l fè chanjman an.

Aktyèlman, fason pou rezidan yo ak pwopriyetè yo ka depoze yon petisyon yon ti kras pa klè epi li pa adapte. Depi 1990, yo pa revize frè yo egzije a ki se \$275, epi pa gen anyen ki egzije pou mennen yon pwosesis piblik ni pou konsilte moun ki konsène yo nan zòn nan. Piske pa gen pwosesis estanda pou petisyon zonaj sa yo, yo te trete chak demann yon fason inik pandan ane ki sot pase yo.

Nan pwojè rezonaj Vil la ap mennen yo gen konsiltasyon piblik la ak notifikasyon pwopriyetè ki konsène yo, selon Politik Vil la sou Aksè pou Jwenn Sèvis nan Diferan Lang. Pwosesis pou abitan yo pwopoze yon seri chanjman nan Kòd Zonaj la pa fè pati etap esansyèl patisipasyon ak notifikasyon yo. Mizajou yo pwopoze yo nan pwosesis petisyon zonaj sitwayèn nan ap pèmèt yo asire koyerans ak modifikasyon zonaj Vil la, sa k ap rann pwosesis la pi previzib ak ekitab.

## MIZAJOU YO PWOPAZE YO

Y ap entegre mizajou yo pwopoze nan pwosesis aktyèl la nan Atik 5 Kòd Zonaj la epi l ap gen ladan l:

- Egzije pèman yon frè \$400 pandan depo yon petisyon pou zonaj
- Egzije pèman yon dwa notifikasyon piblik k ap kouvri kòb sa ap koute pou voye kourye lapòs bay pwopriyetè ki konsène yo ak piblikasyon reyinyon piblik yo nan jounal lokal yo



- Egzije pou òganize yon reyinyon piblik konsènan petisyon zonaj la
- Angaje Depatman Planifikasyon an pou:
  - Voye notifikasyon bay pwopriyetè konsène yo
  - Òganize yon reyinyon piblik k ap pèmèt moun k ap fè petisyon yo prezante modifikasyon yo nan zonaj yo pwopoze yo, san wete tradiksyon dokiman yo ak sèvis entèpretasyon
  - Bay yon asistans teknik pou redaksyon zonaj la, san wete kreyasyon plan ofisyèl zonaj la ak koreksyon erè administrativ yo
  - Redije yon seri rekòmandasyon pwovizwa epi final, pou soumèt li bay Komisyon Zonaj la konsènan petisyon zonaj yo prezante a

Mete sou sa, pou tèks yo pwopoze a endike klèman, Konsèy Minisipal Boston an ka soumèt yon petisyon nan Komisyon Zonaj la.

